


## АСТИНСÆЙ АНЗЕЙ РАЗМÆ РАЙДÆДТА УСТУР ФИДИБÆСТОН ТУГЪД

***Немуцаг-фашистон æрдонгтæ гадзирахаттæй ку æрбалæбурдтонцæ Советон Цæдесмæ, уæд цифуддæр знагæй Райгурæн бæстæ багъæуай кæнунмæ тохмæ Гъæдгæрони цæргутæй рандæй 1089 адæймаги, уонæй 537 нæбал исæмбалдæнцæ сæ фидиуæзæгбæл, сæ цард иснивонд кодтонцæ Фидибæсти сæрбæлтау (уогæ еци нимæдзтæ нерæнгæ дæр ма бæлвурдгонд цæунцæ). Уони кадæн гъæуи бæрæгастæу æвæрд æрцудæй номерæн циртдзæвæн.***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

0+

№26 (807) 2021 анзи 20 июль – сосæни мæйæ




# ХЪУРМАНТÆ – РАЙДЗАСТХÆССÆГ ÆМА НИФСДÆТТÆГ БÆРÆГБОН!..

Цæгат Иристони пусулмон дзиллæ!

Æргомзæрдæй уин арфæ кæнун Хъурманти бæрæгбони фæдбæл!

Хъурмантæ æнцæ, берæ æности дæргъи адæм ке исфæткон кодтонцæ, сæ бундори æууæндундзийнадæ æма ихæсбæл еузæрдиуондзийнадæ, рæстадæ æма хеуони карнæбæл мæтæ кæнун кæмæн æнцæ, еци уодварнон хæзнати нисанæвдесæг.

Аци райдзаст бæрæгбони еума хатт уæ зæрдæбæл уой æрлæуункæнуйнаг дæн, æма Цæгат Иристон æй, нæ адæмæн сæ дини бæрæгбæнттæ, сæ уодварнон цардарæзти æнæфæххецæнгæнæн хай кæми иссæнцæ, уæхæн берæнацион æма берæконфессионалон республикæ.

Сæрмагондæй ма уой дæр баханхæ кæнуйнаг дæн, æма пусулмон æхсæнадæ разæнгардæй æма æновудæй ке архайуй нæ республики райрæзти, агъазиау байвæрд ке хæссуй æ культурон берæхузондзийнадæ багъæуай кæнуни арфиаг гъуддагмæ.

Уадзæ æма Хъурмантæ бæрæг кæнуни бæнттæ нæ республики исуæнтæ нæ рагфидтæлтиккон зæнхæбæл сабурдзийнадæ æма фарни еугæндзондзийнадæ федарæй-федардæр кæнуни, нæ хеуæнтти æнæнездзийнади æма цардгъондзийнади, нæ бийнонти амонди, нæ цæуæти æма уони цæуæти зæрдæмæдзæугæдæр исонибони туххæй æргомзæрдæй ковуни рæстæг, æууæндæг пусулмæнтти зæрдитæ байдзаг уæнтæ цийнæдзийнадæ, уодæнцойнæдзийнадæ æма райдзаст нифсæй.

Бæрæгбони хуарзæнхæ уæ уæд, хъазар æмбæлттæ!..

***Сергей МЕНЯЙЛО,***
***Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг.***

**Пусулмон динæн Уæрæсей цардарæзти цæйбæрцæбæл агъазиау æма ахсгиаг ахедундзийнадæ ес, уой фæдбæл нæ бæсти Президент Владимир Путин уотæ загъта: «Æности дæргъи нæ бæсти парахат кодтонцæ рохсадон пусулмон дини фæткитæ. Æма Уæрæсей хæларæй цæрунцæ аллихузон адæмихæттитæ, динтæ, уоми, æнæмæнгæ, ес пусулмон уммæ агъазиау æскъуæлхтдзийнадæ. Е аккаг байвæрд бахаста не 'хсæнади аразидзийнадæ исбæрзонд кæнунмæ æма алкæддæр тундзтæй медæггон æма æхсæндинон рахастдзийнæдтæ, æмхецдзийнадæ динбухсунади бундорон уавæртæбæл аразунмæ.**

**Нæ бæсти Президенти аци загъд зæрдæбæлбадаруйнаг æй уомæн дæр, æма пусулмон дини цардаразон ахедундзийнадæ лæдæрд æй нæ еугуруæрæсеуон æхсæнади дæр. Уомæн æвдесæн – мæнæ аци бæнтти куд цитгинæй бæрæггонд цæуй пусулмæнтти сæйрагдæр бæрæгбæнттæй еу – Хъурмантæ (райдæдта 20 июли æма бæрæггонд цæудзæнæй æртæ боней дæргъи).**

Цæгат Иристони пусулмæтти Уодварнон управлений номæй дæр æма мæхе номæй дæр зæрдибунæй арфæ кæнун нæ республики еугур цæргутæн дæр Хъурманти бæрæгбони фæдбæл.

Меккæмæ цитгин хадж искæнуни бæнттæ цитгинæй райевгъудæнцæ, æма уомæй пусулмæнтти зæрдитæ байдзаг æнцæ цийнæ æма устур арфитæй. Не 'Скæнæгæн е 'гæрон хуæрзауодæн æма битиради фæдбæл, нæ тæрегъæдтæ искæдзос кæнуни фæдбæл ци нивæндтæ хæссæн, уомæй мах нæ уодтæ æма нæ зæрдитæй сорæн сау гъудитæ, федар си кæнæн хуарздзийнадæ æма рæстадæбæл æуууæндундзийнадæ.

Мингай æнзти дæргъи аци бæрæгбон дзиллæн хæссуй тæккæ хуæздæр æма райдзастдæр æнкъарæнтæ. Аци бæрæгбон еу кæнуй адæми, æхсæнади федар кæнуй фæлмæнзæрдæдзийнади æма кæрæдзей нимайуни хуæрзæнхæсти менеугутæ, æргом нин кæнуй пусулмон дини уодварни гъæздугдзийнæдти арф æнкъарæнтæ.

Федарæй ми æруагæс кæнуй, Цæгат Иристони пусулмон æхсæнадæ идарддæр дæр ке архайдзæнæй аллихузон динти 'хсæн рахастдзийнæдтæ федардæр кæнунбæл, фидтæлтæй нин ци 'гъдæуттæ байзадæй, уонæн аргъ кæнун.

Уадзæ æма Хъурманти бæрæгбон нæ республики цæргутæн уа еугæнæги фæрæзнæ, сæ рохс фæндитæ цардмæ хæссуни гъуддаги агъазгæнæг, алли хæдзарæмæ дæр хæсса уоди гъардзийнадæ, цийнæ æма кæрæдзей лæдæрундзийнадæ. Мæ зæрдæ уин зæгъуй федар æнæнездзийнадæ, амонд æма сабур цард, фарнæ æма райдзастдзийнадæ!

***ГУÆЦÆЛТИ Хаджиморат,***
***Республикæ Цæгат Иристон-Аланий муфтий.***

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2021 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 357 СОМИ 36 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 315 СОМИ 90 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР**


http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru gazeta_digoria

***Цæгат Иристони идарддæр цæуй коронавируси нихмæ дзиллон вакцинаци. Укол искæнун кæми æнгъезуй, еци медицинон косæндæнттæ: Дзæуæгигъæуи уæхæн пункттæ æнцæ 1, 4 æма 7-аг поликлиникити, районти вакцинацигæнæн пункттæ кæми 'нцæ, уой ба базонæн ес республики æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министради сайти.***




# САХАРÆН Æ ФЕДАУЦÆ ГЪÆУАМА ÆХЕ УА!..

НÆ ХÆСТÆГУТÆЙ еу лæг, сахари гъæунгти трамвай рауингæй, хъæбæр зæрдтагонæй уотæ фæззæгъуй:

– Мæ сабийдогæй тæккæ æхцæуæндæрæй ци имисун, е æй трамвай... Цæветтонгæ, мæ мадæн æ хуæрæ сахари цардæй, æма сæмæ, цит, гъæуæй ку исцæуианæ, уæд мæ æнæмæнгæ фæххониуонцæ трамвайи ратезгъо кæнунмæ – зудтонцæ 'й, куд хъæбæр цæуй мæ зæрдæмæ, уой. Æма ма мин рахезæн уидæ, уордигæй!.. Дууæ силгоймаги исфæлмæциуонцæ, æз ба, еуминкъий ма, зæгъгæ, не 'фсастæн... Æма уæдæй абони уæнгæ мин трамвайи уиндæ уæлдай зæрдтагон æй – еуемæй, мæ сабийдоги райдзастдзийнадæ æримисун, иннемæй ба мæ уарзон мадæ æма, берæ хуæрзтæ кæмæй зонун, æ еци хуæрæ мин цума цардæгас фестунцæ...

Æвæдзи, сабийæй сахармæ исæфтуйгæй, уоййасæбæл дестæ ка кодта трамвайбæл, айдагъ уомæн нæ, фал сауæнгæ ами цæргæй æй аллибон ка уидта, уонæн дæр трамвай уотид транспортон фæрæзнæ нæ адтæй, фал уодварни табуйаг нисан. Æ хæццæ ма бастонцæ сауæнгæ сæ карни хабæрттæ дæр. Мæнæ куд финсуй е 'мдзæвгитæй еуеми («Трамваи») Цæгат Иристони адæмон поэт Гуржибегти Иринæ:

*Когда встречаются трамваи*
*На остановке, на углу,*
*Едва боками не касаясь,*
*Они стоят – стекло к стеклу.*
*И равнодушно, отрешенно*
*Взгляд упирается во взгляд.*
*И пассажиры обреченно*
*Маршрутом заданным скользят.*
*Проплыло мимо чье-то счастье,*
*Судьба не встретилась с судьбой,*
*И рельсы все гудят напрасно,*
*Напрасно жертвуют собой.*

Еузагъдæй, дзæуæгигъæуккаг трамвай нæ еугуремæн дæр хъазар æма уарзон æй. Гъе уомæ гæсгæ нин зин адтæй, советон цардарæзти фехæлди фудæй нæмæ нæгъæугæ «æйййивдзийнæдтæ» ке исæгæр æнцæ, уони азарæй уой карнæ дæр хъæбæр ке иссагъæссаг æма исдзурдтаг æй. Идæрдтæбæл нæ дзорддзинан, фал зæгъдзинан, махмæ гæсгæ, еугуремæн дæр æхцæуæн ка уодзæнæй, уæхæн хабари туххæй.

Дзæуæгигъæуи трамвайтæ ци уавæри 'нцæ, уой базонуни æма фарста гъæугæ хузи цæхгæр ралух кæнуни туххæй трамвайти депо æрæги бабæрæг кодта республики Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Сергей Меняло**. Æ хæццæ адтæнцæ Хецауади Сæрдари хуæдæййевæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Фадзайти Æхсарбег**, паддзахадон есбонади æма зæнхи рахастдзийнæдти фæдбæл министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Тедети Руслан**, Дзæуæгигъæуи бунæттон хеунаффæйади администраций сæргълæууæг **Милдзихти Вячеслав** æма иннæ бæрнон косгутæ.

Сергей Меняйло куд фегъосун кодта, уотемæй Дзæуæгигъæуи фæззиндзæнæй фондз æма дууинсæй нæуæг трамвайи: дæс – аци анзи кæронмæ, финддæс æма инсæй ба – нæуæг анзи.

– Еци нæуæг вагæнттæ сахари гъæунгтæмæ цæмæй рацæуонцæ, уомæ трамвайи хæдзарадæ цæттæ 'й æви нæ, æма, кæд нæ, уæд ци исаразун гъæуй цубур рæстæгмæ, дзæгъæл лæуд цæмæй ма кæнонцæ, уомæн? Уæдта, трамвайти хæдзарадæ райаразунæн аци анзмæ циуавæр пълантæ ес? – адтæнцæ Сергей Меняйлой домагæ фарстатæ депой сæргълæууæг æма æ сæйраг инженермæ.

Трамвайти депой разамонæг **Бæдоати Хазби** куд балæдæрун кодта, уотемæй райаразуйнаг æнцæ, трамвайтæ ци нæдтæбæл цæунцæ етæ, цалцæггæнуйнаг – хизæгти бæститæ, раййевуйнаг – электрон тухæ вагæнттæмæ хъæртунгæнæг дæлстанцитæ, етæ æдеугур æнцæ фондз. Еугур кустити хæрзтæ æнцæ 1,5 миллиард сомемæй фулдæр, сæ райарузæн рæстæг ба гъæуй, Бæдой-фурти дзубандимæ гæсгæ, æртæ-фондз анзи.

Республики разамонæг уæхæн æмгъудти хæццæ арази нæй, æма байагурдта, хуæрзцубур рæстæгмæ куститæн бæлвурд пълан бацæттæ кæнун: кæци участоктæ домунцæ райарæзт аци анзи кæронмæ, кæцитæ ба – нæуæг анзи, километрæй нимайгæй, цæйбæрцæ æнцæ æма уотæ идарддæр къæпхæнгай.

Трамвайти депо, хизæгти бæститæ, вагæнттæ сæхуæдтæ – алке дæр си бахаудтæй хецæн къохтæмæ. Хæдзарадæ цæмæн ниххæлæттаг æй, е æй хецæн дзубандий аккаг. Фал трамвайти хæдзарадæ нæуæгæй æ къæхтæбæл ислæуун кæнуни гъуддаги, еци хецæуттæ разиндтæнцæ æмзунд, равдистонцæ æмвæндæдзийнадæ æма еугур еци есбон фæстæмæ равардтонцæ сахари есбонадæмæ.

– Ци нæуæг трамвайтæ нæмæ фæззиндзæнæй, етæ æлхæд æнцæ федералон æхцати харзæй, сæ еуей аргъ æй æвддæс æма инсæй миллион соми. Иннæ регионтæ сæ сæхуæдтæ балхæнунцæ, лизинг æма агъази æндæр фæрæзнитæй испайда кæнгæй, махæн ба æнцæ лæвар. Æма нур еци вагæнттæ Дзæуæгигъæуи гъæунгти æнæкъулумпийæй цæмæй рацæуонцæ, уобæл гъæуама дусвæлдæхтæй бакосæн, – загъта Сергей Меняйло æма коммæ ихæстæ исæвардта фарста алли бæрнон адæймаги размæ дæр, цæмæй Дзæуæгигъæуи æнæкъулупийæй коса, сахари цæргутæ æма иуазгутæ уоййасæбæл берæ ке уарзунцæ æма, социалон æгъдауæй ахсгиаг ка 'й, еци транспорт – трамвай.

Уомæн дæр æнæзæгъæн нæййес, æма сахари гъæунгтæбæл нæуæг трамвайтæ цæун ку райдайуонцæ, уæд сæ надихарз нæ фæффулдæр уодзæнæй æма байзайдзæнæй, нур куд æй, уотемæй.

Мæ радзубандий кæронбæттæни ба ма мæ фæндуй Гуржибегти Ирини æмдзæвгæмæ раздæхун. Уотæ си финсуй:

*Проплыло мимо чье-то счастье,*
*Судьба не встретилась с судьбой...*

Е бустæги раст нæй. Нæ хæстæгути лæг ма мин куд радзурдта, уотемæй æ мадæ æма æ мади хуæрæ 'й трамвайи тезгъо кæнунмæ ку хониуонцæ, уæд ма сæ хæццæ ракæниуонцæ сæ синхонти е 'мгарæ кизги дæр. Уæд ма цъæдæхтæ адтæнцæ æма сæмæ сæ кари ерхæфсæнтæй уæлдай, æндæр сагъæстæ ци адтæй... Фал цудæнцæ æнзтæ, рабайлæгъ æнцæ... Лæхъуæн æ мади хуæрæ бабæрæг кæнгæй, еци кизгæбæл дæр куд нæ исæмбæлидæ, æма... Еузагъдæй, сæ цард байеу кодтонцæ, абони дæр ма æмуод-æмзæрдæй цæрунцæ, ес син дессаги цæуæт, цæуæти цæуæт... Æма, дан, карнæ карнæбæл нæ исæмбæлидæ... Æгæрдæр ма исæмбалдæй... Æма еци дууæ адæймаги хумæтæги нæ фæззæгъунцæ:

– Абони дæр ма нин трамвай цидæр уæлдай хъазар æма уарзон æй... Боз си ан æма ин зæрдиагæй зæгъæн: «Цæрæ æма цæрæ æности, адæми райдзастдзийнадæн!..»

***Æрмæг мухурмæ бацæттæ кодта***
***ГÆТИЙТИ Светланæ.***

ЦУБУР ЗАГЪДÆЙ

## ХУАРЗ ХАБАР – ЗÆРДРОХСГÆНÆГ

УÆРÆСЕЙ Федераций Хецауади федаргонд æрцудæй гъæуунон цæрæнбунæтти идарддæри райрæзтæн уæлæнхасæн финансон фæрæзнитæ радех кæнуни туххæй сæрмагонд унаффæ. Уоми куд амунд æй, уотемæй Цæгат Иристон гъæууон фæзуæтти райрæзтæн уæлæнхасæн райсдзæнæй 64,7 миллион сомей бæрцæ.

Еци фæрæзнитæ сæрмагондæй исхарз кæндзæнæнцæ фæлладуадзæн бунæттæ æма сувæллæнтти гъазæн æма спортивон фæзти райарæзтбæл, фæндаггон инфраструктури объектти цалцæг æма æндæр фæлгонцадон куститæбæл.

Еумæ райсгæй, сæрмагонд федералон проект «Гъæууон цæрæнбунæтти фæлгонцадæ»-йи фæлгæти 44 уæрæсейаг регионемæн радех кæндзæнæнцæ еу миллиард сомемæй фулдæр.

***

НÆ РЕСПУБЛИКИ арæзтадæ æма архитектури министради ци æмбурд адтæй, уоми æвддæс æригон специалистемæн равардтонцæ цæрæнуатон субсидитæ – алке бæрцæ дæр си æй еу миллион соми. Дæтгæ ба сæ ракодтонцæ, гъæууон ахурадон, медицинон æма æндæр уæхæн косæндæнтти ка косуй, еци æригон специалисттæн.

Зундгонд куд æй, уотемæй æригон специалисттæн цæрæнуатон субсидитæ сæ царди уавæртæ фæххуæздæр кæнунæн нисангонд æрцæунцæ Цæгат Иристони цæргутæн аслан æма еугурфадуатгин цæрæнуæттæ дæттуни туххæй 2016-2024 æнзти дæргъи æнхæстгонд ка цæуддзæнæй, еци сæрмагонд республикон программæмæ гæсгæ.

Зæгъун гъæуй уой дæр, æма министради минæвар куд фегъосун кодта, уотемæй 2021 анзи кæронмæ уæхæн цæрæнуатон субсидитæ никкидæр ма райсдзæнæнцæ æртиндæс æригон специалисти.

***

СÆРДИГОН каникулти фадуæттæй испайда кæнгæй, аци бæнтти республики цалдæр скъолай спортивон залти цæунцæ цалцæггæнæн куститæ. Еци архайд арæзт цæуй фиццаградон национ проект «Ахурадæ»-йи фæлгæти æма уомæн 2021 анзи федералон æма регионалон бюджетæй дехгонд æрцудæй 31 миллион сомей бæрцæ. Еци фæрæзнитæй аци сæрдæ исцалцæг кæндзæнæнцæ Раздзæуæги, Нæуæг Бæтæхъой, Чиколай, Црауи, Курттати, Уæллаг Берæгъзæнги гъæутæ æма Павлодольски станици скъолати спортивон залтæ.

Аци бæнтти подрядчиктæ архайунцæ, спортивон залти фулдæр хаййи, иннетæми дæр цалцæггæнæн куститæ хæстæгдæр бæнтти райдайдзæнæнцæ.

Гъæуккаг скъолати спортивон залти цалцæги сæрмагонд программæ нæ республики æнхæстгонд цæуй 2016 анзæй фæстæмæ. Уæдæй нурмæ цалцæггонд æрцудæнцæ 30 спортивон зали.

Зæгъун гъæуй, аци национ проекти фæлгæти 2022 æма 2023 æнзти никкидæр ма 14 спортивон зали ке исцалцæг кæндзæнæнцæ, уой.

**Еуæндæс æма инсæй анзей размæ (1990 анзи 20 июли) федаргонд æрцудæй Республикæ Цæгат Иристон-Аланий паддзахадон хебарæдзийнади Деклараци.**

***Номдзуд советон педагог А. Макаренко (1888-1939) уотæ загъта: «Алли рæуæнттæй косунæй ка тиллеф кæнуй, иннетæ куд косунцæ, уомæ æнцадæй ка кæсуй, уони фæллойни бæркæдтæй æнæфсæрмæй ка пайда кæнуй, е æй тæккæ æдзæсгондæр æма æнæгъдаудæр адæймаг æхсæнади медæгæ...»***



# ÆНАРÆХСГÆ КОСГУТÆЙ ДЗУАПП КАРЗÆЙ АГУРД ЦÆУДЗÆНÆЙ!..

НÆ РАГФИДТÆЛТИ аци зундгин загъд хумæтæги не 'римистан. Цæветтонгæ, уæхуæдтæ дæр уинетæ, нæ республики хъæбæр берæ рауæнти нуртæккæ цæйбæрцæбæл берæ аллихузон косæндæнттæ арæзт цæуй, уой. Уонæн сæ социалон ахедундзийнадæ агъазиау æй, æма сæмæ уомæ гæсгæ ба республики разамунди 'рдигæй уæлдай цæстдард цæуй – Хецауади æмбурдтæй еунæг уæхæн дæр нæ фæууй æма уони хæццæ баст фарстати фæдбæл си пайдадæттæг дзубанди нæ рауайуй. Уой дæр бæлвурдæй бæрæггонд хабæртти бундорбæл, уомæн æма Хецауади сæрдари ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Тускъати Таймораз** еудадзуг æхуæдæг бабæрæг кæнуй еци арæзтæдтæ, кæрæй-кæронмæ ин зундгонд æй, уавæртæ кæми куд æнцæ, кæми, ци куд райаразуйнаг æй, е.

Уæхæн гъуддагон хузи бабæй æрæги Хецауади æмбурди Тускъати Таймораз си сæрдареуæг кодта, уотемæй цудæй дзубанди сæрмагонд паддзахадон программитæ æма фиццаградон национ проекти фæлгæти республики ци ахсгиаг социалон объекттæ арæзт цæуй, уони цæттæдзийнади фæдбæл.

Нæ республики арæзтадæ æма архитектури министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Моргуати Константин** æ радзубандий байамудта, объекттæй кæцидæрти кустітæ афойнадæбæл æнхæстгонд ке нæ цæунцæ, уæдта си нури уæнгæ гъæуама арæзт ка 'рцудайдæ, етæ нерæнгæ цæттæ цæмæннæ нæма 'нцæ, е цæй фудæй уотæ рауадæй, еци рæуæнттæ. Æ загъдмæ гæсгæ, уонæй еу е æй, æма нæ фагæ кæнуй косгутæ. Уой фудæй, зæгъæн, афойнадæбæл æнхæстгонд нæ цæунцæ кустітæ Хумæллæги гъæуугон амбулаторий арæзтади. Уой фудæй æнхæстгонд не 'рцудæнцæ цалцæггæнæн кустітæ еци гъæуи сувæллæнтти рæвдауæндони, Ольгинскийи гъæуи культури Хæдзари, амунд рæстæгмæ æнхæстгонд нæ цæунцæ арæзтадон кустітæ, Беслæни æригон техниктæ æма натуралистти Станци арæзтадон кустітæ дæр...

Уæхæн дæнцитæ никкидæр ма ранимайæн ес. Æма е дессаг нæй – уойбæрцæ адæм, уæлдайдæр ба гъæути, куст нин нæййес, зæгъгæ, гъаст кæнунцæ, уотемæй ба уойбæрцæ косæн рауæнти, зæгъæн, арæзтæдти косгутæ нæ фагæ кæнуй. Нæ республики статистикон управлени æрæги куд фегъосун кодта, уотемæй нæмæ кустуæттæ æма организацити косгути бæрцæ аци анзи райдайæни æртæ мæйемæ иссæй 117,7 мин адæймаги (фари еци афони хæццæ рабаргæй – 0,3% минкъийдæр). Кустагоргути бæрцæ ба мартъий кæронмæ иссæй 16,6 мин адæймаги. Официалон æгъдауæй æгустбæл нимад цæунцæ 16,4 мин адæймаги, е æй фарæй 3,2 хатти фулдæр. Кустуæттæ æма организацитæ сæ курдиæдти официалон æгъдауæй куд игъосун кæнунцæ, уотемæй сæ мартъий кæронмæ гъудæй 1721 адæймаги (фарæ ба еци нимæдзæ адтæй 1148 адæймаги)...

Лæдæрд æй, алкедæр агоруй уæхæн куст, æма ин си зæрдифæндон уавæртæ дæр æма улупа дæр куд уа... Фал уæхæн равгитæ ба алкæд кæми фæууй. Уотемæй ба хе дæр æма бийнонти дæр дарун нæ гъæуй? Æма уæд ци хуæздæр æй: æгустæй æма æнæ неци æфтуйагæй дзæгъæлбадæ кæнун æви уæддæр еуцæйбæрцæдæр пайдайаг кусти бал ниллæуун, уæдмæ, ка 'й зонуй, зæрдæмæдзæугæдæр равгитæ фæззиндзæнæй...

***

Нæ абони дзубанди Хецауади æмбурдæй райдæдтан æма ин кæронбæттæн дæр уомæй кæнæн.

Уой ма зæгъуйнаг ан, æма Тускъати Таймораз районти сæргълæугути, министрадти æма хецаудзийнади профилон къабæзти бæрнон косгути байхæсгин кодта комкоммæ бæлвурд амунддзийнæдтæй, сæрмагонд паддзахадон программитæ æма фиццаградон национ проекттæмæ гæсгæ ци ахсгиаг объекттæ арæзт цæуй, уонæми гъæуагæдзийнæдтæ æвæстеуатæй райеуварс кæнуни фæдбæл. – Комкоммæ кустітæ æнхæст кæнунæй ихæсгин ка 'й, фал сæ афойнадæбæл æма гъæугæ хузи æнхæст кæнуни бæсти аллихузон æнæбунати рæуæнттæ ка кæнуй, етæ 'й гъæуама лæдæронцæ, карз дзуапп си агурд ке цæудзæнæй уой, – загъта Тускъати Таймораз. – Лигъстæ æма радзубанди-бадзубандитæн нин рæстæг æгириддæр нæййес. Хемæрайст ихæстæ ка 'нхæст кæнуй, еци подрядон организацитæ ивар кæнун байдайдзинан, кæми багъæуа, уоми ба сæ хæццæ бадзурдтæ дæр фехалдзинан.

Æма Тускъай-фурт профилон ведомствитæ æма подрядон организацитæн бафæдзахста, цæмæй хæстæгдæр рæстæгмæ еумæ исфедар кæнонцæ арæзтадон кустити кæронбæттæн æмгъудтæ.

## АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

# ДÆ КУСТ ДИН УОДÆНЦОЙНÆХÆССÆГ ÆЙ ÆВИ?..

*Нури цардарæзти уавæрти куст иссерун уоййасæбæл æнцон кæд нæй, уæддæр адæймаг алли кусти ниллæунбæл не 'сарази уодзæнæй, цидæртæ си æ зæрдæмæ ку нæ цæуонцæ, уæд. Дзиллон цæстингас бæлвурдгæнæг æртасгутæ сæрмагондæй ци адæми бафарстонцæ, ци кусти косетæ, кенæ ци кустмæ бацæуйнаг адтайтæ, уоми уæ зæрдæмæ ци нæ цæуй, зæгъгæ, уæд уони дзуæппитæ рауадæнцæ мæнæ ауæхæн (процентæй нимайгæй).*




## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ!..



*Нартæ хъæбæр исмæстгун æнцæ Сирдонмæ æ налат миути туххæй. Æма уæд сæ хестæртæ Урузмæг, Хæмиц æма Ацæ хъæбæр тингунæй загътонцæ:*

*– Базудтан, ци дæ, уой. Æма нæ нæбал расайдзæнæ!.. Сирдон æ медбилти бахудтæй æма цидæр æрбацæй.*

*Цæйбæрцæдæр рæстæг рацудæй æма гъæумæ æрбайгъустæй фæдеси хабар:*

*– Рохсаг уæд Сирдон, уæртæ гъæугæрон хъамилти рази рамардæй.*

*Кæд Сирдонмæ æгæрон мæстгун адтæнцæ, уæддæр мард æвæгæсæгæй ниууадзун ходуйнаг адтæй, æма Нарти дзиллæ, сæ хестæртæ дæр сæ хæццæ, уотемæй рацудæнцæ Сирдони мард гъæумæ исхæссунмæ. Мæрсинтæбæл æй исæвардтонцæ æма 'й рахастонцæ æ хæдзарæмæ. Куддæр уой уæнгæ исхъæрттæнцæ, уотæ Сирдон æргæпп кодта мæрсинтæй æма Нартæн райафæ кодтæ:*

*– Арфиаг уотæ, Нарти хестæртæ, æнæхъиамæт уотæ. Нур ба мæхуæдæг дæр мæ хæдзарæ иссердзæнæн... Фал сумах ба зундагор идард балций фæццæун гъæуй, æма уæ рæстæг дзæгъæли ма исафетæ!..*

***

Сирдон Нарти куд расайдта, уотæ мах ба, нæ абони цардиуаги хабæрттæ аразунæй ихæсгин ка 'й, еци «сирдонтæ» цал æма цал хатти расайдтонцæ. Фæливд æма дудзæсгон (æви – æдзæсгон?) ке 'нцæ, уой бæлвурдæй фæззонæн, уæд ни сæ еу сайди фæсте сæ иннæ зæрдæвæрдти мæнгæдзийнадæ баруагæс уй æма... Æма уотемæй цал æма цал хатти фæффудевгед ан нæ бæлдитæй...



**Мурмæнскаг æма Мончегорскаг митрополит МИТРОФАН (Баданин): футболæй Европи чемпионати Уæрæсей еугонд командæ ке фæммулд æй, е, дан, уой фудæй æй, æма нæ футболисттæ «уодигъæдæй лæмæгъ æнцæ». Уомæ гæсгæ ба, дан, еугонд команди гъæуама уонцæ дини лæгтæ, етæ син гъæзтити размæ ковунæн агъаз кæндзæнæнцæ.**

Магъа, фал нæ футболисттæ цалинмæ сæхуæдтæ хуæздæр гъазунбæл архайун нæ байдайуонцæ, уæдмæ син, цума, Хуцау дæр неци фæййагъаз уодзæнæй. Нæкæси, дини лæгтæ дæр еугонд команди иуонгтæ уодзæнæнцæ? Хуæздæр нæ уидæ, уони, нæ бæсти спорти гъуддæгутæбæл дзуапдæттæг паддзахадон къабæзтæмæ бакæнун, кæдимайди ба спортивон чиновниктæ бæрнондæрæй æнхæст кæниуонцæ сæ ихæстæ?



**Розæ СЯБИТОВА, телеуинунади «Давай поженимся», зæгъгæ, программæ амонæг, куд фегъосун кодта, уотемæй гъавуй Паддзахадон Думи депутат исунмæ æма æ лозунг ба 'й: «Тухгин паддзахадæ, тухгин бийнонтæ!..»**

Æма æ еци фæндæй æнæбийнонтæгин депутаттæ исбийнонтæгин кæндзæнæй. Паддзахадон Думæй рауайдзæнæй депутатон бийнонти Еугонд. Е ци фæстеугутæ расайдзæнæй, етæ ба фиццагидæр тæссаг уодзæнæнцæ депутаттæн сæхецæн. Гъуди ма 'й кæндзинайтæ, айразмæ æвзурст Думи дууæ фракций минæвæртти 'хсæн къайадæй ци рауадæй – Вороненкови фехстонцæ Киеви, Максакова ба цидæр сæргъæн миутæй «æскъуæлхуй». Еузагъдæй, цитæ ба нæ рауайуй депутатти, уони бунæттæмæ гъавгути хъæппæрестæй...



**МАМСУРАТИ Дæбе (1909-1966), финсæг: «Гъæуама лæг æхецæн аргъ кæнун фæраза. Лæгæн сæр ку уа, уæд е фагæ нæй – еци сæр ма гъæуай кæнун дæр гъæуй...»**

Байгъосæн аци номдзуд адæймаги фæдзæхстмæ æма нин зундамонæг фæуууæд. Цæмæй абони цардарæзти фæливд «тæрккъæвдати» нæ сæртæ багъæуай кæнунмæ исарæхсæн, æма цæмæй хуæздæр рæстæгутæ ралæууонцæ, уобæл архайунмæ нæ сæри зунд куд исарæхса.

**Номдзуд тугъдон тæхæг, Советон Цæдеси Бæгъатæр Цоколати Дмитрийи фурт Геннадийи райгурдбæл 24 июли æнхæст кæнуй фондз æма фондзинсæй анзи (1916-1976).**

*МÆХÆМÆТ Пахампар фæдзахста: «Цийфæнди дзаумауæй ку пайда кæнай, уæддæр æй дæ зæрдæбæл дарæ: еци дзаумау исфæлдистонцæ адæймаги зунд, зæрдæ æма къохтæ, æма ин нæдæр исафæн нæййес, нæдæр ихалæн. Ку ʻй исафай, уæд фæллойнæ исафис, хаттæй-хатт ба – адæймаги цард... Æма еци тæрегъæдæй дæхе гъæуай кæнæ...»*



# НÆ ИСФÆЛДЕСÆГÆЙ НИН ФÆДЗÆХСТ ÆЙ НÆ ЦАРДИУАГÆ РÆСТУОДÆЙ АРАЗУН!..

ПУСУЛМÆНТТÆН сæ цитгиндæр бæрæгбæнттæй еуебæл нимад æнцæ Хъурмантæ (араббагау æй хонунцæ Ид аль-Адха, тюркагау ба – Курбан-байрам).

Бæрæггонд цæуй куд нивондæрхæссуйнади Бон. Ралæууй пусулмон къæлиндари дууадæсæймаг мæйæ зуль-хиджи 10-аг бон. Уæрæсей официалон æгъдауæй ци еумæйаг граждайнаг къæлиндарæй пайдагонд цæуй, уомæ гæсгæ ба Хъурманти райдайæн алли анз дæр фæууй æндæр рæстæги, уомæн æма пусулмон æма еци къæлиндари еуæй-еу мæйти бæнтти бæрцæ фæйнæхузи æй. Уомæ гæсгæ аци анз Хъурманти райдайæн хауй 20 июльмæ æма бæрæггонд цæудзæнæнцæ æртæ боней дæргъи.

Пусулмæнттæ аци бæрæгбон фæххезунцæ, уомæн æма баст æй пусулмон дини бундорон фондз фæткемæй еу – Меккæмæ, пусулмæнттæн тæккæ нимаддæр бунатмæ хадж искæнуни хæццæ.

Меккæмæ ка рараст уй, етæ уордæмæ гъæуама бахъæртонцæ зуль-хиджи фиццæг бæнтти, Хъурманти райдайæни размæ, уæдта хонх Арафати фалдзости, дæлвæзæ Муздалифи æма ма æндæр бæлвурд бунæтти æртæ боней дæргъи гъæуама исæнхæст кæнонцæ сæрмагонд æгъдæуттæ. Уонæн сæ сæйраг хауй зуль-хиджи 10-аг бонмæ. Уæд райдайуй нивондæрхæссуйнади Бон.

Уогæ еци Бон бæрæг кæнунцæ, хаджи ка фæууй, айдагъ етæ нæ, фал дуйней еугур пусулмæнттæ дæр, уомæн æма е æй пусулмæнттæн, мæнæ минкъий раздæр куд загътон, уотемæй сæ цитгиндæр бæрæгбон. Æ нисанеуæг æма æ медес ци ʼй, уобæл дзоргæй æнæмæнгæ зонун гъæуй, кæд æма кутемæй фæззиндтæй, уой. Æ райгурци бундор æй хъæбæр идард евгъуд дзаманти, Ибрахими пахампардзийнади доги.

Цæветтонгæ, Хуцауи æрвист лæг, Ибрахим (Авраам) нæ Исфæлдесæг си куд байагурдта, уомæ гæсгæ нивондæн гъæуама æрхастайдæ æ хестæр фурт Исмаили, кæци ин æдзæрæг рауæни райгурдæй номбæлуосæ Хаджарæй, кæци уордæмæ тард æрцудæй Ибрахимæн æ фиццаг уоси гъæддух домæнмæ гæсгæ. Гъе уотемæй мæгур силгоймаг æ сувæллони хæццæ равзурдæнцæ еци æдзæрæг рауæни. Кæд си цæрунæн хъæбæр æгудзæг уавæртæ, зæгъун æнгъезуй, æгириддæр си неци адтæй, уæддæр ести амалæй цæрун гъудæй.

Уавæртæ ба си уæхæнттæ адтæнцæ, æма мадæ æ минкъий фуртæн уæддæр дони хъурт иссерунбæл æ зæрдæ дæр ку нæбал дардта, уотемæй силгоймаг, кæд хъæбæр исæнæхъаурæ 'й, уæддæр Сафа æма Марва, зæгъгæ, еци уобæутти рæбунти авд хатти ку æррауайæ-бауайæ кодта, уæд æнай-æнойти рауидта: æ сувæллон кæми ниууагъта, уоми уой хуæрзрæбун зæнхæй ниццавта сауæдонæ Зæмзæм. Е дессаг куд нæ адтайдæ, иннæ дессаг ба е æй, æма, Зæмзæми дон разиндтæй уоди хуаси хузæн: адæймаги æфсадуй хуæруйнаги хузæн, агъаз кæнуй берæ аллихузон незтæй исдзæбæх унæн. Гъе уотемæй Исмаил нисангонд æрцудæй Хуцауи фæндонæй.

Исмаил ку райрæзтæй, уæд Ибрахим æ фуни фæууидта, Хуцау си ке домуй, цæмæй æ фурти нивондæн æрхæсса. Фидæ куд нæ батухстайдæ: æнгъæл берæ кæмæ фæккастæй, берæ ке уарзта, æ еци фиццаг фурти ʼй багъудæй нивондæн æрхæссун... Фурт æ фиди тухст куд нæ балæдæрдтайдæ, æма унаффæ рахæссун ин цæмæй фенцондæр адтайдæ, уомæ гæсгæ ин уотæ загъта:

– Хуцауи фæндæ куд æй, уотæ бакæнæ…

Хуцауи размæ æргомзæрдæ æма коммæгæс уогæй, Исмаил æхуæдæг дæр æма æ фидæ дæр уобæл исарази 'нцæ. «Æма сæ дууæ дæр ку исарази 'нцæ æма е ку æрæвардта (æ фурти) æ фарсбæл, уæд Мах имæ исдзурдтан...» (сурæ 37 «Æмрæнгъитæ ислæугæй», аят 104).

Еци лæгæвзарæнæн Ибрагим æма Исмаил ке бафæразтонцæ, æцæгæй æууæнкгун ке разиндтæнцæ, уомæ гæсгæ Хуцау æ раздæри фæндæ райййивта æма фидæн барæ равардта, цæмæй æ фурти бæсти нивондæн æрхæсса фус. Уомæ гæсгæ нивондхæссуйнади Бон нимад цæуй куд Хуцауи æцæгæй нимайундзийнади, уомæн табу кæнуни нисанеуæги бон. Цитгин Хъурани загъд ес: «Ковæ дæ Хуцаумæ (бæрæгбони намаз кæнгæй) æма æрхæссæ нивонд (нивондаг)».

Бæрæгбон бæрæг кæнун райдайунцæ сæумæраги. Пусулмæнттæ, сæ бауæр еугурæй дæр искæдзос кæнгæй, нæуæг кенæ федауцæ дарæс искæнгæй, рараст унцæ мæзгитмæ æма уоми еумæйагæй намаз кæнунцæ, кæсунцæ Хъуран, игъосунцæ имам-хатиби динамундтитæмæ (хутбу), кæцитими кадæ кæнунцæ Хуцауæн, дзубанди цæуй нивондæрхæссуйнади æгъдауи равзурд æма уой ахедундзийнади туххæй. Дзубанди си фæццæуй, цæмæй алли адæймаг дæр архайа, зæнхæбæл царди сабурдзийнадæ æма хæлардзийнадæ, кæрæдзей нимайун æма уарзундзийнадæ ниффедар кæнунбæл. Бæрæгбони намази фæсте райдайунцæ нивондæрхæссуйнади æгъдау æнхæст кæнун.

Уотæ нимад цæуй, æма фагæ ʼй, еу адæймаг нивондæн, кенæ ба бийнонтæ ку æрхæссонцæ фус кенæ сæгъæ. Уотæ дæр æнгъезуй, æма авд пусулмон лæги кенæ авд бийнонти, еумæ бадзубанди кæнгæй, нивондæн æрхæссунцæ еу фиртон, фид се ʼхсæн æмдех ракæнунцæ, æма е дæр нимад æй æнхæстгонд æгъдаубæл. Нивондаг æнгъезуй сæрмагондæй Хъурмантæмæ исхæссун, кенæ ба ʼй ескæмæй балхæнун.

Хъурмайнаг косæрттагæн бæззуй анзæй фулдæр кæбæл цæуй, уæхæн фус кенæ сæгъæ. Сторвонс ба, дууæ анземæй минкъийдæр кæбæл нæ цæуа, уæхæн. Хъурмайнаг косæрттагæн нæ бæззуй, ести сахъатдзийнадæ кæмæ уа, æ иуæнгтæй ескæци лух кæмæн уа, ести незæй сæйгæ, кенæ ба фудхуз ка уа, уæхæн фонс. Нæ бæззуй хъæрæу, къулух, дæндæгутæ кæбæл нæ уа, æ еу гъосæн, æ къæдзелæн кенæ цæстæн æ фулдæр хай кæмæн нæ уа, уæхæн фонс дæр.

Косарт кæнгæй хъурмайнаги тог исуадзуни хуæдразмæ гъæуй зæгъун сæрмагонд ду'а: «БисмиЛляхи Аллаху Акбар» («Еунæг Хуцауи сæрбæлтау, Еунæг Хуцауи номæй бæрзонддæр неци ес…») Æвгæрдун ба гъæуй дзæбæх циргъ кардæй, цæмæй фонс гъезæмарæ ма кæна, уой дæр уотемæй æма косартгæнæги къохи, ци хъурмайнаг æвгæрда, е гъæуама кард æгириддæр ма фæууина, уæдта косартгæнæгæн æ рази уæлдай адæмæй маке уа.

Косарт кæнæн ес бæрæгбони æртæ боней дæргъи: æ фиццаг бони сæумæй (бæрæгбони намази фæсте) сауæнгæ æртиккаг бони фæссехуари намази райдайæни уæнгæ.

Хъурмайнаги фид еугурæй дæр дæхецæн ниуудзæ, зæгъгæ, уомæн нецихузи ес уæн. Фид гъæуй æртæ дехи ракæнун. Еу си æй дæхе, дуккаг гъæуама иурст æрцæуа мæгуртæн, уæззау сæйгитæн, фæккæсуйнæгтæн æфсапи хузи, æртиккаг хай ба – хъурманлæхъ искæнунæн, æрбацæугутæ, хæстæгутæ æма синхæгти байиуазæг кæнунæн. Нивондæн хаст косæрттаги фид уæйæ кæнун не ʼнгъезуй, уотæ æ сæр, цар кенæ къæхтæ дæр – гъæуй сæ лæвар байуарун, кенæдта сæ дæхецæн ниуудзæ...

Æнæмæнгæ, Хъурмантæ æнцæ устур бæрæгбон, æма уой бæнтти адæми зæрдитæ гъæуама уонцæ цийнæ æма уодæнцойнæй райдзаст.

Нæ дзубандий кæронбæттæни ба нæ фæндуй зæгъун уой, æма Хъурманти бæрæгбони цитгиндзийнади фæрци адæм сæ царди бæнтти райдзаст æма зæрдрохс куд уонцæ, Иристони цæрæг адæм æнæгъæнæй дæр – ка ци дин хæссуй, ка ци адæмихаттæй æй, уомæ нæ кæсгæй, – сæ еугурей бийнонтæн дæр амондгун æма фæрнæйдзаг куд уонцæ сæ царди бæнттæ. Хуцау нæ еумæ цæрунмæ исæнтæсун кодта, æма гъæуама æмзæрдæ-æмзундæй нæ цард аразæн федауцæй, кæрæдзей лæдæргæй æма нимайгæй, Хуцау ни арази цæмæй уа, уæхæн арфиаг гъуддæгутæй агъаз кæнгæй кæрæдземæн.

***

Хъурманти цитгин бæрæгбон бæрæг кæнгæй, раст уодзæнæй æримисун, пусулмон дини рæстадæ æма гъомусади сæрбæлтау рæстуодæй ка фæхъхъиамæт кодта, уони рохс нæмттæ дæр. Уонæй еу адтæй **Гуæцæлти Тæтæрхъан**. Уой туххæй æрмæг мухур кæнæн нæ газети иннæ фарсбæл. Нур ба ма нæ уой зæгъун фæндуй, æма Тæтæрхъани хъазауатон фæллойнæ нæ байзадæй иронхи рæстæгути аууæнтти. Æ арфиаг гъуддаг ин идарддæр æнхæст кæнунцæ æ байзæттæгтæ.

Зæгъун гъæуй уой, æма Цæгат Иристони пусулмæнтти Уодварнон управлений муфтий **Гуæцæлти Хаджиморат** æй Тæтæрхъани фурт Харуми фурт. Мæнæ Тæтæрхъани туххæй ци æрмæг мухур кæнæн, уой ба ниффинста Тæтæрхъани иннæ фурт Мæхæмæти фурт **Алибек** (гъулæггагæн абони не ʻхсæн нæбал æй, æрæги рацох æй æ уæлзæнхон цардæй. Рохсаг уæд…).





# ЕФАНДИ

Восстановленная мечеть в Эльхотово. Долгие годы, в начале XX века в ней имамом служил Татаркан ГАЦАЛОВ.

ЭФЕНДИ – это вежливая форма обращения (в Османской империи и некоторых других государствах Востока в VX-XX столетиях) к знатным особам, вплоть до султана, духовным авторитетам, к чиновникам. Эфенди считались также все грамотные граждане...

Слово «эфенди» было заимствовано и дигорцами-мусульманами, которые, правда, несколько переиначили его содержание. В дигорской интерпретации слово «эфенди» по-дигорски стало звучать как «ефанди» и обозначало почтительное обращение к лицу исключительно духовного звания, вершина уважительного к нему отношения.

Этим словом скупые на похвалу дигорцы обращались к людям действительно выдающимся в религиозном и нравственном отношении. Этим словом подчеркивались земные заслуги человека в служении Богу, его человеколюбие, толерантность и духовная стойкость. Выбор народа всегда безошибочен – звания «Ефанди» удостоились считанные единицы, и они были превосходны во всех отношениях.

Одним из этих избранных был Татаркан Гацалов, которого называли первым среди равных. Почетное звание «Ефанди» настолько органично соответствовало его личности, что его детей стали именовать «Ефандиевичами».

Образец скромности в быту, аскетичный в вопросах личной жизни, духовно щедрый и неиссякаемый в доброте, он был храбрее храброго в вопросах защиты и утверждения Ислама...

Решив посвятить свою жизнь служению Богу, он смиренным пилигримом пешком совершил хадж в Мекку, затем четыре года изучал богословие в Мединском исламском университете. Вернувшись в Осетию, двадцать восемь лет прослужил имамом Эльхотовской мечети, крупнейшей в то время на Северном Кавказе, и оставил блистательный след в памяти своих соплеменников.

Но настало время великих испытаний и потрясений. С установлением Советской власти религия была объявлена «опиумом для народа».По стране прокатилась волна репрессий в отношении религиозных деятелей всех конфессий.

Разрушались церкви и мечети, грабилось церковное имущество, тысячами уничтожались служители культа. Был объявлен кулаком и раскулачен Ефанди, а скромное его имущество было распродано на торгах ( читай люмпенов ) для бедноты.

После торгов вечером кто-то постучал в дом опечаленного Ефанди и вошел Магомет Будтуев. Он молча обнял Ефанди, тихо посидел немного, а потом сказал, что тоже принял участие в торгах и купил его зеркало напольное и стол Ефанди и возвращает их ему. Надо отметить, что Магомет был одним из беднейших в фамилии Будтуевых. И таких случаев было немало. Достойные люди подобным образом выручали друг друга.

Изощренным гонениям подвергся Ефанди, которого вскоре после раскулачивания бросили в застенок. Не спасло его от издевательств даже то, что преданной спутницей его жизни была Куку, родная сестра одного из виднейших революционеров Северной Осетии Муха Будтуева, именем которого ныне названа одна из центральных улиц Чиколы.

Глумясь над достойным священнослужителем, мучители спрашивали его: «Где же твой бог, почему он не спасает тебя?» и предлагали ему отречься от веры, обещая прекратить издевательства. Но к их изумлению Ефанди ответил:

– Мой Бог невидим, как и совесть человеческая, но она же существует. А если вы добиваетесь от меня отречения от веры, то, знайте, за нее я и жизнь отдам...

Убедившись в несгибаемости Ефанди, его отпустили, не посмев подвергать репрессиям столь уважаемого в народе человека.

Небезосновательно опасаясь за жизни своих сыновей, Ефанди повелел им уезжать из родных краев.

Люди незаурядных природных дарований Магомет, Давид, Иса и Харум были вынуждены покинуть Родину и разъехались по стране , дома остался только перенесший меннингит Абдул – Керим, по прозвищу Мангай -Малыш.

Не получив должного и своевременного образования, дарования сыновей Ефанди, к сожалению, не раскрылись и в малой степени. Тем более удивительно, что старший сын его Магомет, имея лишь полгода учебы в церковноприходской школе, свободно, «с листа» читал техническую литературу любой сложности. Он, выросший в замшелом захолустье, где никогда не было лодок, тем более кораблей, знал, что такое глиссер и скутер, знал принцип летательных аппаратов как легче, так и тяжелее воздуха. Он же и построил в Чиколе вальцовую мельницу (чудо техники по тем временам), куда приезжали молоть зерно не только из ближних районов, но и из соседней Кабарды.

Брат его Иса, настоящий гигант, обладал нечеловеческой физической силой. Рассказывают, что сверстники захотели испытать его силу и предложили поднять два буковых кряжа, положенные один на другой. Бревна он не поднял, правда, но ноги его по щиколотку увязли в сухой земле. И только Исе удалось положить на лопатки знаменитого циркового борца Сали Сулеймана.

Немногим ему в физической силе уступал Харум, который, ремонтируя грузовик «ЗИС-5», никогда не пользовался домкратом: сидя на корточках, плечом приподнимал машину и одной рукой снимал колесо, затем таким же образом возвращал его на место.

Мангай же, рекрутированный на рытье вручную Дигорканала, умудрялся выполнять до 23 норм в день…

Многие чиколинцы приняли участие в Великой Отечественной войне. Родственники их, тоскуя по фронтовикам, часто приходили к Ефанди с просьбой изготовить для них дуа (обереги), и никто никогда отказа не получил. Для каждого из обращающихся он находил проникновенные слова поддержки духа и ободрения, и сердца людей наполнялись надеждой.

Это в наше рациональное и меркантильное время иные похихикивают, услышав о каких-то талисманах, ладанках, оберегах, дуа. А тогда люди были менее книжно – и телепросвещенными. Они просто верили в чудо, и бывало, что оно находило их.

Имея высшее богословское образование, свободно владея арабским языком, Ефанди, обращаясь к пастве с проповедью, говорил только на родном и потому понятном для всех языке, осетинским же языком он толковал Коран и Хадисы. Ефанди объяснял, что все языки создал Аллах, и молитвенное обращение к Нему на любом языке будет понято и принято, лишь бы шло от чистого сердца.

С одинаковым уважением Ефанди относился к «людям Писания», напоминая, что Бог Един для всех истинно верующих, просто люди Писания идут к нему другой дорогой, но в этом нет греха, и идя к Единому Богу разными путями, нет нужды мешать друг другу. Слова его не расходились с делами, и когда старший сын Магомет женился на дочери «людей Писания», он не возмутился, а как родную дочь принял ее.

В течение всей жизни был ее опорой в ее нелегкой жизни среди ортодоксальных чиколинцев, которые, чего греха таить, в те непростые времена неодинаково к ней относились. Отцовское отношение Ефанди к молодой снохе, единственной дочери екатеринбургского купца, изнеженной барышне, помогло ей выстоять под прессингом ближайшего окружения и сохранить семью, крепость которой не раз «пробовалась на зуб». До конца своей жизни она пронесла любовь, уважение и благодарность Ефанди, говоря, что таких удивительных своей безграничной добротой людей не встречала, что Ефанди ей дорог не меньше, чем ее родной отец…

Каждая высокоорганизованная религия самодостаточна. Вера для истинно верующего – крепость его, оружие и защита его. Наставление мусульманам неукоснительно следовать высшим нормам морали и нравственности красной строкой проходят через весь Коран. Как минимум тридцать девять раз это требование отражено в Коране: «А кто уверовал и творит добро…»

Вера в Единого Бога и идея добротворения были жизненной потребностью Ефанди. Он говорил, что дорога к Богу трудна и утомительна, и не было человека, идущего по ней, который бы хоть раз да не споткнулся. Он никогда не укорял оступившегося – просто протягивал ему руку и помогал встать.

Он учил своих соплеменников скромности и сдержанности, говоря, что для истинного мусульманина приверженность Исламу не дает ему преимущества перед кем-либо, но накладывает на него дополнительные морально-нравственные обязательства и потому, даже находясь среди диких зверей, человек не должен забывать о том, что он человек.

Он неустанно повторял слова пророка Мухаммада о том, что «самая жестокая нищета – это невежество», и добавлял, что война с ним угодна Богу и достойна истинного мусульманина. Он был за просвещенный Ислам и категорически отвергал самую мысль о том, чтобы Ислам использовался как движимая сила чьих бы то ни было политических или меркантильных интересов.

Ефанди говорил, что если ты отпустил жидкую бороденку, сильнее других стукнул лбом о молитвенный коврик и громче всех прокричал те звуки, которые механически заучил, то ты еще не мусульманин – необходимо понимать сакральный смысл того, что ты говоришь и какие телодвижения производишь, и потому – учись. А если ты мусульманин, и именно поэтому спесив и чванлив в отношении немусульман, то умаляешь звание мусульманина и порочишь его, тебе надо преодолеть себя, и потому – учись.

Слово «учись» Ефанди рефреном повторял в каждой своей проповеди, убеждая людей в том, что все люди любимы Всевышним, но люди образованные видят дальше и вникают глубже,а потому продвигаются ближе к Нему и понимают Его лучше.

Рассказывают, что, прогуливаясь по двору Ватикана, Папа Иоанн Павел Второй, обращаясь к своему спутнику, сказал: «Посмотри на этот камень, он сотни лет пролежал в фонтане, но вода не проникла в него, внутри он абсолютно сух. Так и человек: тысячи лет он находится в окружении Бога и его любви, но нет в нем ни Бога, ни его любви». Горькие слова… Нет сомнения, Папа знал, что говорил.

Разумеется, не густотой бороды мусульман был озабочен и Ефанди,– предвосхищая Понтифика, он говорил, что сердце человека – каменные врата, которые он волен раскрыть для Создателя или захлопнуть перед Ним, и неустанно трудился над тем, чтобы сердца людей были готовы принять Бога и его Любовь.

***Алибек ГАЦАЛОВ.***
***(По воспоминаниям односельчан)***



*Еу силгоймаг, дан, кустмæ трамвайи цæуидæ, æма алли бон дæр æ сæри адтæй еци-еухузон гъудитæ: «Мæ лæг нецæййаг æй, мæ сабийтæ – æдулидзæфтæ, скъолай ахур кæнгæй, айдагъдæр «дууитæ» есунцæ, ме ‘фсийнæ – цъамар, кусти мæ хецау – æнаккаг. Илгъаг... Мæ цардмæ рохси цъирт некæцæй цæуй...»*



ДЗИУАТИ Батрази конд хузæ «Фæззигон бæрæгбон».

# БИЙНОНТИ ФАРНÆЙ ФИДИБÆСТÆ ДÆР ТУХГИН КÆНУЙ...

**САКЪИТИ Эльбрус**

НÆ РАГФИДТÆЛТÆЙ нин байзадæй мæнæ ауæхæн зундгин загъд: «Хуарз хæдзарæн – хуарз номхæссæн!..» Хæдзарæ хуарз уæд фæууй, æма си бийнонтæ æнгомæй, кæрæдзей лæдæргæй ку фæццæрунцæ. Нæ рагфидтæлтæ ма хумæтæги нæ зæгъиуонцæ: «Æ бийнонтæ хæларæй кæмæн цæрунцæ, уомæн æ хæдзари бæркад берæ ‘й!..» Гъе уомæ гæсгæ бийнонти цардарæзт раги дзаманти хъæбæр бæрзонд цæстиварди адтæй нæ адæммæ, уотæ ‘й нимадтонцæ, æма еу бийнонтæ дæр æнæгъæнæ гъæубæстæн дæр æнцæ æ цæсгон, е ‘гъдаудзийнади æвдесæн.

Уогæ, куд фæззæгъунцæ, цийфæнди хуарз æргъауи дæр еу гъолон фиртон разиннуй. Уотæ ‘й адæми цардарæзти дæр, æвæдзи, еунæг уæхæн синх дæр нæййес æма æведауцæ бийнонтæ кæми нæййес. Æма си уæддæр ести амæлтти ку фæййервæзунцæ, уæд син еци хабар устур цийнаг исуй. Уой фæдбæл ес мæнæ ауæхæн таурæхъ. Цæветтонгæ, еу бийнонтæ сæ цæрæн бунат раййивтонцæ æндæр рауæнмæ. Æма ци синхи æрцардæнцæ, уоми нæлгоймæгтæ сæ нæуæг синхони æнцад нæбал уагътонцæ:

– Дæ нæуæг бунатæн исковæ – кувд искæнæ!.. Уотæ амонуй æгъдау!..

Уæд син сæ нæуæг синхон, æхецæй хъæбæр ниббоз уогæй, уотæ ку зæгъидæ:

– Кувд, кæцæй ралигъдтæн, уоми искæндзæнæнцæ...

Æма уæхæн цаутæ минкъий æрцæуй нури доги?.. Гъулæггагæн, фæстаг рæстæгути ивадæй-иваддæр кæнуй, бийнонтæ адæми ‘хсæн цæргæй, сæ хуæрзæгъдауддзийнадæбæл æновудæй ку архайдтонцæ, еци фæткæ. Уотæ дæр зæгъун æнгъезуй, æма бийнонтæ æма æхсæнадæ кæрæдземæн еуцæйбæрцæдæр исæцæгæлон æнцæ, алкедæр си хебарæй кæнуй æ хабæрттæ. Æма уæхæн уавæри фæстеугутæ ба зæранæй уæлдай неци хæссунцæ.

**Идарддæр.**
**Райдайæн 25-аг номери.**

Бийнонтæй алкедæр гъæуама лæдæра, дзилли ‘хсæн цæргæй ибæл цæйбæрцæбæл агъазиау бæрнондзийнадæ æвæрд ес, уой. Мадта дзиллæ дæр гъæуама ауодонцæ алли хецæн бийнонтæбæл дæр, уомæн æма си ка циуавæр зундирахастбæл хуæст уа, уомæй аразгæ ‘й еумæйаг цардиуагæ.

Гъе уомæ гæсгæ райдæдтан бийнонти туххæй нæ абони дзубанди дæр. Райдæдтан æй нæ газети айразмæ номери, æма ‘й уоми фæккæрон кодтан еу фидтæлтиккон таурæхъæй. Зондзинайтæ ‘й, рагон дзаманти бийнонтæ цийфæнди берæ ку уиуонцæ, уæддæр еу хæдзари цæриуонцæ. Фурттæ бийнонти гъуддаг ку бакæниуонцæ, уæддæр сæ фидиуæзæгæй нæ рандæ уиуонцæ. Ци цæуæт син рантæсидæ, етæ дæр æнсувæрти цард кодтонцæ, айæ мæн фидæ ‘й, зæгъгæ. Фал уотæ дæр рауайидæ, æма сæ увавæртæ æгæр ку исунгæг уиуонцæ, уæд син кæрæдземæй æнæ райуарæн нæбал уидæ. Æма еу рæстæги гъуддаг исаразун ци æнсувæрти багъудæй, уонæй еу бустæги хуæрзтæй нæ адтæй. Æма иурсти хабæрттæ ку рахецæн æнцæ, уæд еци æнсувæри кæстæр биццеу, уой ку балæдæрдтæй æма ин уой хæццæ цæргæ уодзæнæй, уæд хæкъурццæй кæугæй уотæ загъта: «Лæгъуздæр махмæ ‘рхаудтæй!..» Мæгурæг, е уотæ æнгъалдта, æма æнæуой мулкитæ куд иурстонцæ, æнсувæрти дæр гъæуама уотæ райурстайуонцæ. Æма ‘й куд нæ зудтайдæ ка си циуавæр æй, уой.

Нур, расагъæс кæнайтæ, æ кæстæртæ дæр уоййасæбæл кæмæй исгъигæ ‘нцæ, æ лæгъуздзийнади кой æргомæй ка зæгъуй, еци кæстæртæ уæхæн фидæй ци гъæуама райсонцæ? Хуцау ма зæгъæд, фал исонибони етæ сæхуæдтæ дæр уæхæнттæ нæ исуодзæнæнцæ? Æма еци «фиди» хузæнттæ нæмæ абони ба нæййес? Æгæрдæр ма?.. Мæстæйдзаг си исунцæ сæ кæстæртæ дæр, уæдта сæ уоститæ дæр. Уой фæдбæл æй мæнæ аци таурæхъ дæр.

Уосæ æ лæгæй нæбал фæразта: алли бон хæдзарæмæ цудæй расугæй. Еу бон исамал кодта лалун. Ниддумдта ‘й æма ‘й хуссæни æ фарсмæ æрæвардта. Лæг сæ хæдзарæмæ æнафони ку ‘рбацудæй æма уоси фарсмæ гъæццоли буни къуппæй ку рауидта, уæд æй цума арв ниццавта, уой хузæн ниссах æй. Æбуалгъ гъудитæй райдзаг æй æ сæри зунд. Уайтæккæ раскъафта гъæццол. Æма... Æ уоси фарсмæ лалун ку рауидта, уæд фæккуддæр æй.

– Айæ ци ‘й? – не ‘ууæндтæй æнхæстæй æ цæститæбæл.

– Дæ хуæдæййевæг. Ци уæлдай уи ес? Дæу хузæн хур-хур уæддæр нæ кæнуй…

Нæ рагфидтæлтæй нæмæ ци зундамонæн зæгъдтитæ æрбахъæрттæй, уонæй еу æй: «Бийнонти кадæ сæмæ æхе æгъдауæй нæ цæуй, архайун ибæл гъæуй!..» Æма уой фæдбæл сæйрагдæр архайæг исунцæ, куд лæг, уотæ уосæ дæр – еугæр нимад æнцæ хæдзари æмбарæ сæрбадæнгæнгутæбæл, уæд гъæуама æмхузæн ихæсгин уонцæ бийнонти хуарздзийнадæбæл архайунæй. Хуцау дæр сæ еумæ хумæтæги нæ исфæлдиста, æма син еумæйаг бийнонти хузи сæ карнæ ку исеу кæнуй, уæд гъæуама æмзунд-æмвæндæй аразонцæ сæ еумæйаг цардвæндаги хабæрттæ, кæрæдзей лæдæронцæ æма нимайуонцæ, кæрæдземæн бухсонцæ… Уой фæдбæл дæр уин ракæндзинан мæнæ ауæхæн таурæхъ:

Хуцау дуйнебæл фиццаг лæг Адами ку исфæлдиста, уæд æй дзенети дзæхæрай æрцæрун кодта. Æхуæдæг уæларвмæ фæттахтæй. Адамæн алцидæр фагæ æма уæлдайгинтæй адтæй дзенети дзæхæрай, фал Адам мæтъæл кодта.

Еууæхæни Хуцау бабæрæг кодта Адами æма ‘й фæрсуй:

– Дæ цард дæ зæрдæмæ куд цæуй, Адам?

– Æнкъард мин æй еунæгæй, – багъенцъун кодта Адам.

Хуцау Адами бафунæй кодта, æ фæрскъитæй ин еу исласта æма си дуйнебæл фиццаг силгоймаг Еви исаразта. Уæдта Адами райгъал кодта æма сæ еумæ ниууагъта.

Рæстæг рацудæй, æма Хуцау исфæндæ кодта: «Цæуон æма мæ исфæлдист адæймæгути бабæрæг кæнон».

Æртахтæй зæнхæмæ. Кæсуй æма Адам тухст æма фæлладæй бадуй. Хуцауи ку рауидта, уæд бацийнæ кодта æма си коруй:

– Дæ хуарзæнхæй, Евæй мæ фæййервæзун кæнæ, истухстæн æ дзæнгæдайæй, æ бостæ æма тæргæйттæй. Нæ мæ гъæуй уæхæн æмбал. Еунæгæй мин хуæздæр адтæй.

– Хуарз, – загъта Хуцау æма Еви æ хæццæ ракодта.

Рацудæй еуцæйбæрцæдæр рæстæг, æма бабæй Хуцау зæнхæмæ æртахтæй. Адам дзенети дзæхæрай еу къуми мæтъæлæй бабæй бадуй.

– Дæ цард куд цæуй, Адам? – фæрсуй æй Хуцау.

– Радтæ мин фæстæмæ Еви. Æ хæццæ мин зин цæрæн æй, фал æнæ уомæй дæр нæ фæразун, – æфсæрмигæнгæй загъта Адам.

Равардта Адамæн Еви Хуцау. Æма абони дæр ма лæг æма уосæ кæрæдзей хæццæ дæр нæ фæразунцæ, хецæнтæй дæр нæ бухсунцæ.

Уогæ силгоймагæн æ зундгиндзийнадæ уомæй дæр рабæрæг уй, æма лæгæй бухсагæдæр æма хебæлхуæцгæдæр ку разиннуй, уæд. Кæддæр газеттæй кæцидæри мухургонд æрцудæй еу силгоймаги финстæг: «Махæн, æ кизгуттæн, нæ мадæ уотæ дзоридæ:

«Бийнонти амонд, лæг бустæги цъамар æма расуггæнагæ ма уæд, æндæр ба уосæй аразгæ ‘й. Бийнонти царди зундгин е нæй, æхе фæндæ ратæрунбæл ка ниддæвдæг уй, е нæ, фал афойнадæбæл исарази унмæ ка исарæхсуй. Листæг миути алкæддæр хатир кæнетæ. Листæг миутæ нæ ‘нцæ уой аккаг, цæмæй уони фæдбæл дзансахъ кæнун райеудагъ уа…» Нæ мадæ нин хумæтæг æма зундгин фæткитæ уотид нæ амудта, фал æхуæдæг дæр уонæмæ гæсгæ цардæй. Æма, æвæдзи, уомæ гæсгæ, нæ бийнонти цард адтæй амондгун… Абони махæй алкæмæн дæр ес æхе бийнонтæ, æхе цæуæт… Æма, нæ мади амунддзийнæдтæмæ гæсгæ ке цæрæн, уомæ гæсгæ бийнонти амондæй æнхæст ан…»

## УОГÆ БА УÆД СИЛГОЙМÆГТÆ ЦÆЙБÆРЦÆБÆЛ ХЪАУРÆГИН РАЗИНДТÆНЦÆ!..

Мæйи размæ, 22 июни æнæгъæнæ Уæрæсей адæмтæ, уæдта дуйней берæ паддзахæдтæ, рæстзæрдæ дзиллæ хъæбæр хъонц кæнгæй, исбæрæг кодтонцæ зæрдæбæлдарæн æма хъонци Бон – цуппаринсæй анзей размæ нæ Райгурæн бæстæмæ гадзирахаттæй æрбалæбурдтонцæ немуцаг-фашистон æрдонгтæ. Райдæдта Устур Фидибæстон тугъд, нæ бæсти еугур адæмтæ дæр еци еузæрдиуонæй исистадæнцæ æма рацудæнцæ цифуддæр знаги нихмæ тохмæ. Еци æверхъау тугъд фæццудæй 1418 бони æма æхсæви, æма ци фидбилизтæ æрхаста нæ адæмæн, уой уотид зæгъунæн дæр гъæугæ дзурдтæ хъæбæр зин иссерæн æй, уæдта сæ, æвæдзи, ергæ дæр неке искæндзæнæй...

Еугæр нæ абони дзубанди бийнонти туххæй æй, уæд уой зæгъун гъæуй, æма еци тугъди æверхъаудзийнæдти фудæй цæйбæрцæбæл берæ бийнонти амонд бастъалдæй, цæйбæрцæбæл берæ силгоймæгтæ исседзæргæстæ ‘нцæ, цæйбæрцæбæл гъезæмæрттæ бавзурстонцæ етæ æнæ лæгæй сæ бийнонти цардиуагæ аразгæй, сæ седзæр сабийти гъомбæл кæнгæй, царди сæ раст надмæ ракæнунбæл архайгæй. Уой фæдбæл нæмæ нæ газети нури уæнгæ дæр æрмæгутæ мухургонд цудæй. Уæдта ма идарддæр дæр цæудзæнæй. Абони ба мухур кæнæн, Сохти Махар кæддæр ци уац ниффинста, уой – иссирдтан æй нæ редакцион архиви.

Æркæсæн æма æргъуди кæнæн нæ гъæути седзæргæс силгоймæгти, кæцитæн сæ лæгтæ иснивонд кодтонцæ се ‘ригон уодтæ нæ Фидибæсти, нæ адæми сæребари сæрбæлтау. Уонæн сæ фæсте седзæртæй берæ сувæллæнттæ байзадæй. Фал уæддæр сæ мадтæлтæ нæ фæттарстæнцæ, еци седзæргæс силгоймæгтæ дессаги хъаурæгин разиндтæнцæ, сæ къохтæ не ‘руагътонцæ æма кустонцæ æхсæвæй-бо-

**Тугъдон-Денгизон Флоти Бон Уæрæсей бæрæггонд цæудзæнæй хуцаубони, 25 июли. Нисангонд æрцудæй 1980 анзи 1 октябри ССР Цæдеси Сæйраг Совети Президиуми Указмæ гæсгæ.**

***Уосæн æ фæсте лæуудæ æ гъæуайгæнæг изæд, æ аллибони еугæндзон гъудитæ ин æхемæ финста æма десæй мардæй: «Айæ циуавæри муггагæй æй!.. Е ‘нæсæрфат фæндитæ ин куд æнхæст кæнон?..» Аци хабармæ гæсгæ зæрдæбæл куд не ‘рбалæууа уæхæн загъд: «Адæми ‘хсæн цæрун дзаханама ‘й, æндæр неци... » Бийнонти ‘хсæн дæр?***

нæй, тухамæлттæй сæ бæдæлтти ервæзун кодтонцæ. Еци, алцæмæй дæр гъæуагæ рæстæгути, цит, сæ бон ку нæбал уидæ сæ седзæрти хуæруйнагæй æфсадун, уæд сæ кæрæдзей хæццæ бамбурд уогæй, кæугæ дæр ракæниуонцæ. Уæхæн бийнонтæ æз дæр зудтон берæ, куд нæхе гъæу Къора-Уорсдони, уотæ иннæ гъæути дæр. Нæхе гъæуи Битуйти Гæбæтий бийнойнаг Гиккæ исгъомбæл кодта æма уæлдæр ахурадæ райстонцæ æ фондз сувæллони дæр. Уæхæн бийнонтæ берæ ес. Уорсдони, Къорай, Хъармани, Синдзигъæуи, сæ еугурей ка фæннимайдзæнæй.

Стур Дигори Хайманти Сергей тугъди размæ куста колхози сæрдарæй. Тугъди райдайæни рандæ ‘й тохи будурмæ æма уордигæй нæбал исæздахтæй. Æ хæдзари ба байзадæй мади хæццæ аст сувæллони, æма сæ мадæ исхаста хъæбæр зинтæй.

Хайманти æнсувæртæ æма хуæртæ сæ еугур дæр уæлдæр ахургонддзийнадæ райстонцæ: ка ахургæнæг иссæй, ка – юрист, ка – аразæг. Сæ хестæр Гермæн ба иссæй советон дзамани паддзахадон партион косæг, адтæй Ирæфи райони партион комитети фиццаг секретарь. Зудтонцæ ‘й, куд нæ Иристони кадгиндæр лæгтæй еу. Сæ мадæ фæццардæй берæ, æвæдзи, æ сувæллæнтти цийнæй.

Уæхæн силгоймæгтæ Иристони зæнхæбæл адтæй хъæбæр берæ. Етæ сæ хъаурæй, сæ нифсæй, сæ зундæй нæ бауагътонцæ фæккеун Иристони, сæ муггæгти фарнæ, нæ фегадæ кодтонцæ сæ лæгти рохс нæмттæ.

Гъулæггагæн, нæдæр паддзахади ‘рдигæй, нæдæр ба æхсæнади ‘рдигæй уони агъазиауæй-агъазиаудæр хъиамæттæн гъæугæ аргъгонд нæ цудæй. Кæд æма тугъди архайгутæн уæддæр ести хузи кадæгонд цудæй, уæддæр Фидибæсти сæрбæлтау æ цард ка иснивонд кодта æма уой фудæй ка исседзæргæс æй, еци силгоймæгти ба хузæнон гъуди дæр не ‘ркæниуонцæ. Е хъæбæр æнæраст гъуддаг адтæй!.. Зæгъайтæ, еци силгоймæгтæ фæскъилдуни уогæй, минкъийдæр хъиамæтгун адтæнцæ, минкъийдæр æскъуæлхтдзийнадæ бавдистонцæ, цæмæй Фидибæсти фæдздзурд «Алцидæр – фронтæн, алцидæр уæлахезæн!..» уæлдайгунтæй æнхæст кæнунбæл æвæллайгæй архайдтонцæ. Уой хæццæ ба ма багъæуай кодтонцæ æма гъомбæл кодтонцæ сæ кæстæрти – нæ Райгурæн бæсти исонибон. Раст зæгъгæй, фæстаг рæстæгути еци седзæргæстæмæ дæр ауодундзийнади æргом æздахун байдæдтонцæ, фал ма си цардæгасæй цанæбæрæг ес...

Махмæ гæсгæ, хъæбæр федауцæ æма бафæнзуйнаг гъуддаг исаразтонцæ Кирови райони Ставд-Дорти дзиллæ. Устур Фидибæстон тугъди рæстæг немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тохмæ сæ гъæубæстæй ка рандæ ‘й æма си Райгурæн бæсти сæрбæлтау æ цард ка иснивонд кодта, уонæн ами евгъуд æноси 90-аг æнзти æвæрд æрцудæй мемориалон циртдзæвæн, сæ рохс нæмттæ си мраморон къæйдортæбæл финст, уотемæй. Æрæги ба гъæубæсти хъæппæресæй еци циртдзæвæни фарсмæ цитгин уавæри æвæрд æрцудæнцæ никкидæр ма къæйдортæ, æ бийнонтæй фæххецæн уогæй, аци гъæуæй тугъдмæ ка рандæ ‘й, цифуддæр знаги нихмæ тохи си рæстуодæй ка фæммард æй, уони бийнойнæгти номхигъд сæбæл финст, уотемæй. Еци æргъудидзийнадæн хъæбæр устур ахедундзийнадæ ес, уомæн æма еци силгоймæгтæ дæр, тугъди æверхъаудзийнæдти фудæй ка раседзæргæс æй, етæ агъазиауæй-агъазиаудæр хъазауатондзийнадæй фескъуæлхтæнцæ, уæди зинæй-зиндæр рæстæги фуддæрæй-фуддæр уавæрти сæ цæуæт хуæрзæгъдауæй исгъомбæл кодтонцæ, царди раст нæдтæмæ сæ ракодтонцæ, арфиаг гъуддæгутæ аразунмæ сæ фæндараст кодтонцæ.

Ставддортæгтæ сæ еци зæрдтагон гъуддаг ке исаразтонцæ, уой фæдбæл уотæ зæгъунцæ, æма еци хъиамæтгун силгоймæгтæ дæр уой аккаг æнцæ, цæмæй, абони си не ‘хсæн ка нæбал æй, уони рохс нæмттæ имисæн æма сæ цитгин кæнæн, цардæгас ма си ка ‘й, уони ба нæ ауодундзийнадæй рæвдауæн, сæ рист зæрдитæ син рохсдзийнадæй хайгин кæнæн. Е айдагъ уони хуарзæн нæ уодзæнæй, фал махæн нæхецæн дæр, фæстугъд ци фæлтæртæ исæнтæстæнцæ, уонæн дæр – нæ Фидибæсти сæрбæлтау æ уодæй-уод ка кодта, уони цалинмæ нимайæн æма син æгъдау кæнæн, уæдмæ цардфæлдесæг нæдтæбæл цæугæй рæстæндаг уодзинан, еуварсмæ си нæ радзæгъæлтæ уодзинан, нæ карни хабæрттæ нæ зæрди фæндæуагæ бæрæг æма æнтæстгин уодзæнæнцæ, нæ гъуддæгутæ – фæнзуйнаг. Раст гъуди æй, æма уомæ гæсгæ нæ зæрдæ дарæн уобæл, æма ставддортæгти хъæппæрес бафæнздзæнæнцæ Цæгат Иристони иннæ рауæнти дæр.

## САБИЙДОГÆ ГЪЕЗÆМАЙРАГ КÆМÆН АДТÆЙ, УОНИ УÆДДÆР АБОНИ ЦÆМÆННÆ БАРÆВДАУÆН

Тугъди æверхъаудзийнади фудæй ци бийнонтæ раседзæр æнцæ, уони тухххæй дзоргæй ма нæ фæндуй еума фарстай кой искæнун, растдæр зæгъгæй ба, еу æнæрастдзийнади тухххæй зæгъун. Махмæ гæсгæ, хестæр фæлтæрæй амонун некæмæн гъæуй, кæстæртæ ба ‘й уони имисуйнæгтæй зондзæнæнцæ, цæйбæрцæбæл зинддзийнæдтæ бавзурстонцæ сæ сабийдоги, мæнæ тугъди сувæллæнттæ ке хонунцæ, етæ. Сабийæй сæ карæмæ гæсгæ æхсæнади ‘рдигæй гъæуама ци рæвдуддзийнадæй хайгин адтайуонцæ, уомæй тугъди фудæй бустæги фенæхай æнцæ.

Тугъди æверхъаудзийнадæ æхебæл ка бавзурста, уонæй еу – Бедойти Венерæ. Кæддæр газеттæй еуеми иской кодта æ сабийдоги гъезæмæртти тухххæй:

– Устур Фидибæстон тугъди уæззау синдзгун цалх ци сувæллæнтти зæрдитæбæл разилдæй, æнæбæрцæ берæ гъезæмæрттæ ци сабийтæ бавзурстонцæ, стонг æма бæгънæг, бæгъæнбадæй ка гъомбæл кодта, сæ нийиергутæ уодæгасæй райервæзун æнгъæл кæмæн нæбал адтæнцæ, æз уонæй дæн.

Тугъди райдайæни мæ фидæ уайтæкки æрлæудтæй Фидибæстæ гъæуайгæнæг тугъдонти фарсмæ. Байзадан нæ мади евгед цуппаремæй, еу иннемæй минкъийдæр æнагъон сабийтæй, мæхуæдæг сæ еугурей кæстæр – 1,5-анздзудæй. Мæ фиди мадæ адтæй каргун. Хуæртæй еу берæ нæбал рацардæй, рандæй е ‘носон бунатмæ.

Райдæдтонцæ зиндони бонтæ. Нæ мади лæмæгъ усхъитæбæл æруæзæ кодтонцæ куд силгоймаги, уотæ нæлгоймаги сагъæстæ дæр.

Тугъди рæстæги гъæздугбæл нимад адтæй, æ тургъи сог кæмæн адтæй æма сор къæбæр хуæрунгъон ка адтæй, еци хæдзарæ. Мæ мадæн уæхæн хуæрзеуæг ци Хуцауи хайæй адтайдæ? Фулдæр стонгæй æрвистан нæ бонтæ. Нæ мадæ гъæдгæрæнтти ци листæг согтæ æрæмбурд кæнидæ, етæ пеци гæгъæдити хузæн расодзиуонцæ, фал уæддæр багъар уианæ. Устур хуæрзеуæг – кæд думгæ ескæд бæласæ рахъан кодтайдæ, уæд е. Æ къалеутæ æнцондæр лухгæнæн адтæнцæ.

Æмбесондæн байзадæй – уæди рæстæги адæми æновуддзийнадæ, алцæмæй дæр кæрæдземæн фæййагъаз кæнун. Сæйрагдæр адтæй зумæги райервæзун. Уалдзæги фæззиннидæ хуæрунæн ка бæзтæй, уæхæн аллихузон зайæгойтæ, нæ амондæн, будурти етæ ахид адтæнцæ.

Берæ зинтæ бавзурстан уæди рæстæги. Ескæд тугъдæн дæр æнæ фæууæн нæййес, фæцæй е дæр. Райдæдтонцæ сæ хæдзæрттæмæ æздæхун тугъдонтæ. Уæхæн амондгун мæ фидæ нæ фæцæй…

Еци рæстæгути уæлдай зиндзийнæдтæ æвзурстонцæ, сæ фидæ тугъдæй кæмæн нæбал исæздахтæй, еци бийнонтæ. Фал цæйбæрцæбæл дессаг æй е, æма уæхæн тухст рæстæгути уæхæн бийнонти сабийтæ уодæй куд федар æма зæрдæй куд кæдзос разиндтæнцæ. Разиндтæй сæмæ хъаурæ сæ царди хабæрттæ федауцæй аразунæн, сæ хъиамæтгун седзæргæс мадтæлтæн гъæйттæй агъазгæнæг æма фæххуæцæг унæн. Æнæ фидæй ка гъомбæл кодта, уони карнæбæл сагъæсгæнгæй, зæрдæбæл æрбалæууй æмдзæвгæ «Безотцовщина» (ниффинста ‘й уруссаг поэт Василий Веркин).

*То не было руганью, бранью-хулою…*
*В том слове расхожем о безрадостном том,*
*Нам слышалось всякое – только не злое…*
*Нам слышалось горе,*
*И – горечь, и стон…*
*И вот лишь теперь в эту мудрую пору,*
*Наверно, как многим,*
*Открылось и мне,*
*Что было то слово еще и укором,*
*Да что так укором, – проклятьем войне…*

Гъо, еци сабийти гъезæмайраг карнæ, æцæгæйдæр, фуддæрæй-фуддæр æлгъист æй, æнæ фидæй ке фудæй райзадæнцæ еци тугъд. Уой хæццæ ба ма абони устур уайдзæф хауй, сæ седзæрдзийнади уавæр абони дæр гъудигонд ке фудæй нæ цæуй, уонæмæ.

Аци сабийти зиндзийнæдти идзагæйидзагдæр карнæмæ гæсгæ зæрдæбæл æрбалæууй мæнæ ауæхæн цау. Цæветтонгæ, Уæлахези Бони паради ветеранти æмрæнгъæ ‘рлæудтæй, æ карæмæ гæсгæ тугъди, гъай-гъайдæр, ка нæ адтайдæ, уæхæн нæлгоймаг. Паради цæугутæй, æ реубæл берæ тугъдон хуæрзеугутæ, уотемæй æй еу уæхæн ку бафæрсидæ:

– Дугусси, ци ‘й, ду дæр ветеран дæ?

– Гъо, мæ фиди хай, – дзуапп ин равардта еци нæлгоймаг. – Мæ фидæ тугъди фæммард æй, седзæрæй байзадтæн, æстонгæй æма бæгънæгæй мин тугъди фудæй цитæ ба 'взаргæ нæ рауадæй... Æма уæд цæмæннæ уон тугъди ветеран?!

Еци нæлгоймаги загъд, махмæ гæсгæ, фагæ ‘й, цæмæй «тугъди сувæллæнттæ» дæр паддзахади ‘рдигæй æнхæстæй рæвдудгонд цæуонцæ. Цæмæй кæдæй-уæдæй лухгонд æрцæуа æнæмæнгæ исаразуйнаг гъуддаг «Тугъди сувæллæнттæ».

Æма абони ма си цардæгас ка ‘й, уони уæддæр ести хузи барæвдаун, ести агъаздзийнадæй сæмæ фæккæсун цæмæннæ ‘нгъезуй. Уобæл хъæбæр рагæй бæргæ цæуй дзубанди, фал уæддæр паддзахади ‘рдигæй сæмæ неци æргом æздæхт цæуй. Гъуддаг кæмæй аразгæ ‘й, етæ ци рæуæнттæ ба нæ райерунцæ, цæмæй еци æнæмæнгæ исаразуйнаг гъуддагæй маци рауайа. Сæ сæйрагдæр рæуонæ – паддзахадон къазнай уомæн фæрæзнитæ нæ фагæ кæнуй. Уогæ сæхецæн ба си æгæрдæр ма разиннуй – æма сæ цæуæт цæйбæрцæбæл бонгин цард кæнунцæ, уой ба ни алкедæр уинуй, уомæн æма етæ æнæфсæрмийæй сæнттадæ кæнунцæ сæ уавæртæ æма гæнæнтæй. Тугъди рæстæги фулдæр стонгæй æма бæгънæгæй æ сабийбонтæ ка рарвиста, еци адæймаг уæхæнтти бохъ цардиуагæмæ кæсгæй, ци гъæуама кæна, куд гъæуама нæ тингун кæна?! Уобæл ма, æвæдзи, дзордзинан, æцæг – фæстæдæр.

***(Уодзæнæй ма.)***






**Советон Æфсад 1944 анзи 23 июли исуæгъдæ кодта Польши зæнхæбæл арæзт фашистон концлагерь Майданеки ахæстити. Уоми уацари гъезæмарæ кодтонцæ советон адæмæй дæр беретæ.**

*Номдзуд уруссаг ахургонд Михаил ЛОМОНОСОВ (1711-1765) уотæ финста: «Устур фудæбони фæрци хуарз ракæнун дæ къохи ку бафтуйа, уæд фудæбон ærбайсæфдзæнæй, хуарз ба байзайдзæнæй. Зæрдрохсæй фуд ку ракæнай, уæдта дæ зæрдрохсдзийнадæ ærбайсæфдзæнæй, фуд ба байзайдзæнæй...»*



# ТÆВДÆ БÆНТТÆ ÆМА АДÆЙМАГИ РАВГÆ

***Сæрдигон тæвдæ бæнтти фулдæр гъæуй дон ниуазун, комкоммæ хори тунтæй хе гъæуай кæнунæн хуарз æй сæрбæл рæуæг ходæ дарун, синтетикон хъумацæй дзаумæуттæ феронх кæнун, фунæй кæнуни размæ уатмæ кæдзос уæлдæф бауадзун – аци амунддзийнæдтæ 'нцæ хумæтæг æма сæ алкедæр зонуй. Фал ес, адæм ке нæ зонунцæ, уотемæй ба пайда ка 'й, уæхæн сосæгдзийнæдтæ дæр.***

**Зæгъæн, ес, æртæ минуттемæ ракæнун ке æнгъезуй тæвди нихмæ, уæхæн массаж.** Хори содзгæ тунтæ, тæккæ фиццаг, бахъор кæнунцæ сæрихъанз æма нервти системæ. Бауæри алли оргæн организммæ «фæдес» кæнун райдайуй, уæхæн тæвди нæ бон косун нæй, зæгъгæ. Еци «фæдес» организммæ бахъæртуй нервтæн сæ кæрæнттæй. Сæрихъанз «фæдес» фегъосуй, æма æ ихæс æй уавæртæ раййевун, цæмæй бауæри оргæнтæн сæ бон косун уа зин уавæрти дæр. Уомæн хъæбæр агъаз æй, адæймагæн æхецæн æ бон искæнун ке 'й, уæхæн массаж – æдеугурæй æнцæ æртæ фæлтæрæни, алкедæр си еу минуттæй фулдæр кæнун нæ гъæуй. Кæнун сæ гъæуй бони дæргъи кæцифæнди афони дæр.

**Фиццаг фæлтæрæн:** устур æма амонæн æнгулдзитæй хъæбæр балхъеветæ гъости æлгътæ.

**Дуккаг:** бункаг билæ æма зекъи 'хсæн ци цъасæ ес, уомæн æ астæубæл хъæбæр ниххуæцетæ устур æнгулдзитæй.

**Æртиккаг:** дууæ къохей устур æма кæстæр æнгулдзитæн сæ фæлмæнтæ кæрæдзебæл райвæретæ æма сæ кæрæдземæ хъæбæр нилхъеветæ.

**Æнхъуæти нихмæ агъаз кæнуй цъæх хузæ.** Уомæ гæсгæ уæхæн бони фулдæр кæсун гъæуй, нæ алливарс ци цъæх кæрдæг æма зайæгойтæ ес, уонæмæ. Хори нихмæ кæсæнцæститæн дæр сæ æвгитæ гъæуама уонцæ цъæх. Гъуддаг уой медæги 'й, æма цъæх хузæ хуæздæрæрдæмæ ахедуй цæсти гагуйæн æ нервти кæрæнттæбæл. Уомæй уæлдай, сæ хузæ цъæх кæмæн æй, уæхæн халсартæ организмбæл ахедунцæ, куд уазалгæнæн, еци хузи. Уомæ гæсгæ фулдæр хуæретæ хуæргæнæстæ, кабачок, цуккини, цъæх салати сифтæ. Уотемæй ма адæймагæн æ уæзæй рахаудзæнæй еу-дууæ килограмми. Æма е æхуæдæг дæр цæйбæрцæбæл хуарз æй!

**Цъæхтæ, бортæ, мудхузтæ** – алли хузтæ дæр, карз сурхæй фæстæмæ, хуарз агъаз æнцæ тæвдæй багъæуай кæнунæн. Адæймаги дзаумауи фулдæр гъæуама уа хъæбæр цъæххуз, салатхуз, борхуз æма сиренхуз дарæс. Уæхæн дарæси бауæр хуæздæр уолæфуй.

**Нæ гъæуайгæнæг – элеутерококк**. Аци зайæгой æй хийнæйдзаг. Хонунцæ ма 'й ærдзон тухæдæттæг. Аллихузон стресстæ, бонигъæди хæццæ баст стрессти нихмæ е федар кæнуй организм, аллихузон уавæртæбæл цæмæй райахур уа, уой туххæй ин агъаз кæнуй. Зайæгойæн æ дон ниуазун гъæуй дууæ къуæрей дæргъи, бонæ – 25-30 тъинкки. Хуæздæр уодзæнæй сæумæй си раниуазун, цайбæл бафтаун дæр æй æнгъезуй.

**Мелиссæ æма розмарин** – аци дууæ зайæгойи æнцæ бауæрæн тухæдæттæг ærдзон фæрæзнитæ. Уонæй хуарз æй цай исфицун (тæвдæ дони еу агувзæбæл никкæнун гъæуй еу цайцумæн уедуги дзаг мелиссæ æма розмарини цалдæр сифи). Цай ку æруазал уа, уæд ибæл æнгъезуй бафтаун лимони лæмарæн æма еуминкъий бетъина. Рауайдзæнæй си организм уазалгæнæн дессаги лимонад. Изæрæй æй исцæттæ кæнетæ, уæдта си бони дæргъи ниуазетæ.

**Ехтæ æма арт æнцæ æмбæлттæ**. Гъо, дессаг макæмæ фæккæсæд. Тæвдæ бони уæхе цæмæй хуæздæр æнкъарайтæ, уой туххæй хуарз æй ехи массаж. Ехи дууæ къæртти уæ къохмæ райсетæ æма сабургай массаж кæнун райдайетæ мæкъур, тæрних, бæрзæй (уоми аллирауæн дæр ес тоги æлхъивдадæбæл дзуапдæттæг биоактивон бунæттæ). Уой фæсте ехтæ райвæрун гъæуй рæмбуйникъæдзæбæл, уæргутæбæл, къæхти фæттасæнтæбæл.

Физикон фæлтæрæнтæ æма тæвдæ бæнттæ – еумæйагæй син неци ес. Тæвдæ бæнтти физикон æгъдауæй гъæуй микъийдæр архайун, адæймаг хед цæмæй кæна æма организм тауæггур æма уорсаг цæбæл харз кæна, уæхæн физикон фæлтæрæнтæ æма спортивон гъæзтитæ – футболæй, баскетболæй гъазун, догъ кæнун, тренажертæбæл архайун – рæстæгмæ гъæуй феронх кæнун. Е уотæ нæ амонуй, æма æзмæлун æгириддæр нæбал гъæуй, фал фæлтæрæнтæ гъæуй зингæ фæррæуæгдæр кæнун, зæгъæн, тезгъо кæнун сабургай (хормæ нæ, ке зæгъун æй гъæуй, фал сæумæраги кенæ ба – изæрæй), бассейнмæ цæун, рæуæг гимнастикæ кæнун. Уæхæн фæлтæрæнтæ организм æфсадунцæ тауæггурæй, æма е хуарз æй.

Æма ма еу гъуддаг – **æнхъуæт бæнтти зианхæссæг æнцæ адгийнæгтæ æма содзагæ хуæруйнаг.** Тæвди адæймаг æнæуойдæр хед кæнуй, етæ ба ин æй бустæгидæр ракалунцæ. Пайда 'нцæ, уорсаг æма клетчаткæ кæми уа, уæхæн хуаллæгтæ, зæгъæн, тæвдæ бони заманай хуæруйнаг æй карки уорс фид æма цъæх салати сифтæ еумæ. Ниуазун гъæуй, тауæгадæ ка кæнуй, уæхæн дæнттæ. Фал хумæтæг донæй пайдадæр неци ес. Е адæймагæн е 'донуг куд сæттуй, уотæ – неци.

Тæвдæ бæнтти уæхе гъæуай кæнетæ æма æнæнез уотæ!

*Медицинон профилактики республикон Центр.*









**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».**

Сæйраг редактор: **САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел. 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№1600.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 19.07.2021.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**

**Использование материалов допускается только с разрешения редакции. При перепечатке ссылка на газету «Дигора» обязательна.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**

**Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**

**Ответственность за опубликованные материалы, рекламу и объявление несет автор.**